



Òf lekòl segondè yo disponib!

Chè fanmi,

Nou kontan anpil pou fè w konnen **òf lekòl segondè yo disponib**. Vin patisipe avèk nou nan sesyon enfòmasyon vityèl nou an pou konnen jan yo te fè òf yo ak fason pou itilize lisdatant yo.

Nan entèval la, fanmi ki gen kont [MySchools](#) ka wè òf yo sou entènèt kounye a; fanmi yo ka jwenn lèt yo tou nan men konseye pedagogik yo oswa nan yon [Sant Byenveni pou Fanmi](#) (Family Welcome Center, FWC).

Pwochen etap:

- Si yon elèv resevwa **yon sèl òf**, òf sa a aksepte otomatikman—pa gen anyen ankò ou bezwen fè.
- Si pitit ou a resevwa **plis pase yon òf**, w ap gen jiska **mèkredi 5 avril** pou chwazi pami yo.
- Pitit ou a ka itilize tou **lisdatant yo**. Pou plis enfòmasyon ale nan: schools.nyc.gov/waitlists.

Jwenn plis detay ak enstriksyon nan lèt òf ou a oswa ale nan youn nan aktivite vityèl nou yo (gade pi ba a)

Vin patisipe nan aktivite vityèl nou yo:

- Chak aktivite pral gen menm kontni an men pral ofri entèpretasyon nan diferan lang—gade pi ba a pou detay.
- Nou pral fè sesyon yo nan dat sa yo. Nou pral voye yon lòt imèl jou avan chak aktivite ak lyen ki gen enfòmasyon sou fason ou ka patisipe avèk nou:
 - Madi 14 mas (6 - 7pm). Entèprèt nan lang Arab, Chinwa (Kantonè) ak Fransè.
 - Mèkredi 15 mas (6 - 7pm). Prezantasyon an ap fèt an Panyòl sèlman.
 - Vandredi 17 mas (2 - 3pm). Entèprèt nan lang Bengali, Koreyen ak Ris.
 - Madi 21 mas (6 - 7pm). Prezantasyon an ap fèt an Chinwa (Mandaren) sèlman.
 - Mèkredi 22 mas (6 - 7pm). Entèprèt nan lang Kreyòl Ayisyen, Panyòl ak Oudou.

Jwenn plis enfòmasyon :

- Jwenn enfòmasyon detaye sou lisdatant nan schools.nyc.gov/Waitlists.
- Kontakte konseye lekòl pitit ou a ye kounye a, ale nan yon [Sant Byenveni pou Fanmi](#), voye yon imèl nan HSEnrollment@schools.nyc.gov oswa rele nou nan 718-935-2009.
- Gade [Eksplikasyon MySchools: Òf ak Lisdatant](#).

Bòn chans,

Ekip admisyon lekòl segondè a
Biwo enskripsyon elèv

Èske se yon zanmi ki te voye imèl sa a ba w? Asire w pou [mete non w sou lis imèl](#) nou an pou lekòl segondè.

Si w pa vle resevwa imèl ankò nan youn oswa nenpòt lis imèl nou yo, tanpri klike [la a](#) pou retire non w.